


# QORSHAǴAN-ORTALÍQ HÁM ARAL BOYÍ XALQÍNÍŃ SALAMATLÍǴÍ

## XALÍQ ARALÍQ ILIMIY-ÁMELIY KONFERENCIYA

Nókis qalası, 2025-jıl 24-25 oktyabr

## XABAR XATÍ

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW, ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI**

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ DEN-SAWLÍQTÍ SAQLAW MINISTRLIGI**

# QARAQALPAQSTAN MEDICINA INSTITUTÍNÍŃ XABAR XATÍ

## “Qorshaǵan-ortalıq hám Aral boyı xalqınıń salamatlıǵı” temasındaǵı xalıq aralıq ilimiy-ámeliy konferenciya

**2025-jıl 24-25 oktyabr**

**HÚRMETLÍ KONFERENCIYA QATNASÍWSHILARÍ!**

Qaraqalpaqstan medicina institutı administraciyası **“Qorshaǵan-ortalıq hám Aral boyı xalqınıń salamatlıǵı”** temasındaǵı ilimiy-ámeliy konferenciya ótkeriliwin málim etedi.

**Konferenciyanıń tiykarǵı maqseti** — “Qorshaǵan-ortalıq hám Aralboyı xalqınıń salamatlıǵı” temasındaǵı xalıq aralıq ilimiy-ámeliy konferenciyanıń tiykarǵı maqseti — Aralboyı regionında ekologiyalıq krizis aqibetinde júzege kelip atırǵan densawlıq mashqalaların tereń ilimiy analiz qılıw, átirap-ortalıq insan salamatlıǵına tásirin anıqlaw, ámeldegi mashqalalarǵa zamanagóy medicinalıq, ekologiyalıq hám innovatsiyalıq jantasıwlar tiykarında sheshimler tabıw, tarawǵa baylanıslı elede xalıq-aralıq tájriybelerdi úyreniw hám ámeliyatqa engiziwden ibarat.

**Konferenciya sheńberinde tómendegi waziypalar ámelge asırıladı:**

*1. Aymaqtaǵı hawa, suw hám topıraq pataslanıwınıń insan salamatlıǵına tásirin anıqlawshı ilimiy-izertlew nátiyjelerin jámlew, bahalaw hám ekologiyalıq qáwipsizlikti támiyinlew boyınsha usınıslar islep shıǵıw.*

*2. Regionlıq den-sawlıqtı saqlaw sistemasındaǵı ámeldegi mashqalalardı anıqlaw, medicinalıq xızmetler sapasın asırıw hám xalıq salamatlıǵın jaqsılaw boyınsha ámeliy usınıslar islep shıǵıw.*

*3. Hayallar hám balalarda uushrasatuǵın ekologiyalıq tásirge baylanıslı den-sawlıq mashqalaların anıqlaw, profilaktika ilajların belgilew hám reproduktiv salamatlıqtı bekkemlew boyınsha usınıslar beriw.*

*4. Aralboyı regionındaǵı ıqlım ózgerisleri sebebinen júzege kelip atırǵan den-sawlıqqa baylanıslı qáwiplerdi anıqlaw hám oǵan qarsı maslasıw strategiyaların islep shıǵıw.*

*5. Ekologiyalıq tálimdi rawajlandırıw, jaslar arasında ekologiyalıq ańdı asırıw hám salamat turmıs tárizin qáliplestiriwge qaratilǵan zamanagóy metod hám texnologiyalardı keń jaydırıw.*

*6. Qorshaǵan-ortalıq tásirleriniń júrek-qan tamır kesellikleri menen baylanıslılıǵın anıqlaw, qáwip tásirlerin azaytıw hám profilaktika boyınsha ilimiy tiykarlanǵan usınıslar islep shıǵıw.*

**Konferenciyanıń tiykarǵı jónelisleri:**

1. *Qorshaǵan-ortalıq pataslanıwı hám onıń den-sawlıqqa tásiri;*
2. *Aralboyı regionında den sawlıqtı saqlawda mashqalalar hám sheshimler;*
3. *Ana hám bala salamatlıǵına ekologiyalıq faktorlardıń tásiri;*
4. *Íqlım ózgeriwi hám insan salamatlıǵı;*
5. *Jasıl texnologiyalar hám ekologiyalıq tálim arqalı saw-salamat áwladtı jetilistiriw;*
6. *Ekologiyalıq faktorlardıń júrek-qan tamır sistemasına tásiri.*

**Konferenciya materiallarına qoyılatuǵın talaplar**

Maqala hám teziste kóterilgen mashqalalardıń mazmunı, izertlew usılınıń xarakteristikası avtor tárepinen alınǵan nátiyjeler, maǵlıwmatlar hámde juwmaqlar qısqa hám anıq bolıwı kerek.

**Tezis:**

- Tezis tekstleri A4 formatta, joqarıdan hám tómennen 2 sm, shepten 3 sm, ońnan 1,5 sm jiyekke iye bolıwı kerek;
- Tezis teksti Word tekst redaktorında, Times New Roman shrift, 12 ólshem, 1,15 intervalda hám 1-2 betten ibarat bolıwı kerek.

**Maqala:**

- Annotaciya hám gilt sózler kórsetiliwi kerek (úsh tilde);
- Maqala tekstleri A4 kólemde, joqarıdan hám tómennen 2 sm, shepten 3 sm, ońnan 1,5 sm jiyekke iye bolıwı kerek;
- Tezis teksti Word tekst redaktorında, Times New Roman shrifti, 12 ólshem, 1,15 intervalda hám 4-8 betten ibarat bolıwı kerek.

**Baspa materialları strukturası:**

- Bas beti (úlken háripler menen);
- Avtorlardıń tolıq atı familiyası;
- Shólkem atı, qala, mámleket;
- Jumıstıń maqseti;
- Materiallar hám usıllar;
- Nátiyjeler hám olardıń dodalanıwı;
- Juwmaqlar;
- Paydalanılǵan ádebiyatlar.

Tezis qaraqalpaq, ózbek, rus hám ingliz tillerinde baspa etiledi. Elektron formada fayl atına birinshi avtordıń familiyası beriledi mısalı, **Axmetov.docx**. kórinisinde usınıs etiliwi kerek.

**Túsindirme:** Keltirilgen ilimiy jumıslar grammatikalıq hám stilistikalıq qátelikler, sonıń menen, jumıs mazmunı ushın jeke avtorlar juwapker esaplanadı.

**Maqala hám tezislerdı qabıl etiw múddeti** – 2025-jıl 10-oktyabr.

Konferenciyada qatnasıw ushın maqala hám tezisler 2025-jıl 10-oktyabrge shekem **nukusmed@gmail.uz** elektron pochta mánzili arqalı qabıl etiledi.

Hár bir tezis ushın 100 000 swm hám maqala ushın 150 000 swm muǵdarında qatnasıwshılardan tólem tólew talap etiledi. Tólemge qatnasıwshılar hújjetlerin rásmiylestiriw, konferenciyanıń ilimiy dástúrinde qatnasıw, xalıq aralıq konferenciya materialların qabıl qılıw, shólkemlestiriw hám baspaxana qárejetleri kiredi. Tek ǵana shet elli avtorlar qatnasqan maqala hám tezisler biypul baspadan shıǵarıladı.

Avtorlardan oqıw ornınıń tólew rekvizitlerine tólem tólew talap etiledi. Tólemnen keyin chekti jiberiwińizdi soraymız.

**Baylanıs ushın:**

Maqala hám tezislerdi, lekciya hám prezentaciya menen qatnasıw ushın arzalar qabıl qılıw ushın Tleubergenova Azima Baltabayevnaǵa tómendegi telefon arqalı múrájat etiwińiz múmkin: +998 97 355 19 72

Shólkemlestiriw máseleleri boyınsha Madiyarova Gulbaxar Nukusbayevnaǵa tómendegi telefon arqalı múrájat etiwińiz múmkin: +998 88 084 73 72

**Tólem ushın maǵlıwmatlar:**
**Qaraqalpaqstan medicina institutı**
**Mánzili: Nókis . A.Dosnazarov, 108 úy**
**Tel/faks: (61)222-84-36**
**shh/r: 400910860354017094100054001**
**INN: 202601843**
**Finans ministrligi Ǵaznashılıǵı**
**x/r: 23402000300100001010**
**Bank: Oraylıq bank Nókis. bas basqarması XKKM**
**MFO: 00014 INN: 201122919**

*1-qosımsha*

Shólkemlestiriwshi komitet xalıq-aralıq ilimiy-ámeliy konferenciyada qatnasıwshını dizimnen ótkeriw formasın toltırıwıńızdı hám bizge jiberiwińizdi soraydı.

Ilimiy-ámeliy konferenciya
qatnasıwshıların dizimge alıw forması

| | |
|---|---|
| Avtor (lar) dıń familiyası, atı, ákesiniń atı | |
| Jumıs ornı | |
| Lawazımı | |
| Ilimiy dáreje | |
| Maqala (tezis) teması | |
| Sekciya tártip nomeri | |
| Avtordıń e-mail i | |
| Avtordıń telefon nomeri | |
| Konferentsiyadağı qatnasıwıńız tómendegilerdi óz ishine aladı: | |
| - lekciya formasında prezentaciya | |
| - maqala baspadan shığarıw | |
| - tezislerdi baspadan shığarıw | |

**Esletpe:** Jurnaldıń elektron versiyasın Qaraqalpaqstan medicina institutınıń rásmiy www.kkmi.uz saytınan júklep alıw múmkin.